am nga li nga mébét ak lu mel ni moom

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "barab bu kenn ci yéen bi gën a suufe ca àjjana mooy ñu wax ko: mébétal muy mébét di mébét, mu ne ko: ndax mébét nga? Mu ne: waaw, mu ne ko: am nga li nga mébét ak lu mel ni moom".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne ki gën a suufe te gën a néew daraja ak martaba ci ñiy dugg àjjana mooy ñu wax ko: mébétal, muy mébét di mébét, ba deseetul genn mébét lu dul ne tudd na ko, mu ne ko: ndax mébét nga? Mu ne: waaw, mu ne ko: am nga li nga mébét ak lu mel ni moom.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/8342